



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 7.7 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU ETRAJEJI PATENARYA ATISTIK ATRAVÈ ETA NEW YORK

*Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik la deja bay plis 36 milyon dola nan  
finansman Eta depi jen*

**Dènnye Prim yo Gen ladan 40 sibvansyon pou ogmante aksè vital ak finansman;  
defannn kreyativite nan kominote lokal yo**

Jodi a, Gouvènè New York la, Kathy Hochul te anonse 40 sibvansyon ki totalize 7.7 milyon te akòde nan patenarya atistik toupatou nan Eta New York. Administratè atravè Konsèy Eta New York sou Zèv Atistik yo, sibvansyon sa yo pral ogmante aksè ak finansman atistik vital ak defann kreyativite nan kominote lokal yo.

"Lit ekonomik yo ke pandemi an lakoz te afekte patikilyèman enstitisyon atistik yo espesyalman difisil, menase anpil òganizasyon ak patenarya ki jwe yon wòl enpòtan konsa nan kominote bivran, an sante yo nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral bay finansman enpòtan ke patenarya atistik yo ka itilize pou jwenn aksè ak sipò piblik ak ranfòse kreyativite nan kominote lokal yo."

Sibvansyon yo sipòte yon seri sèvis, tankou administrasyon nenouvèlman sibvansyon, asistans teknik, ak sipò siblè ki konsantre sou kreyativite ak angajman piblik la. Gade lis [benefisyè yo](#).

Pwogram Renouvèlman Sibvansyon Kominotè Atrè Eta a Konsyè sou Zèv Atistik la ke yo te konnen anvan sou no Pwogram Desantralizasyon an - ankouraje desizyon ki pran sou plan lokal atravè òganizasyon atistik rejyonal yo. Depi jen, yo te bay konsèy la apeprè 6 milyon dola pou sit renouvèlman sibvansyon kominotè a nan tout eta a.

Konsèy la bay sipò dirèk ak apeprè 1,200 benefisyè nan tout eta a Sibvansyon patenarya ofri plis opòtinite pou òganizasyon san bi likratif pou administratè finansman siblè pou atis lokal yo ak òganizasyon atistik yo ke yo pa ofri dirèkteman nan konsèy la, kidonk sa ki ogmante aksè ak finansman atistik vital pou tout 62 konte yo.

"NYSCA sipòte atis lokal yo ak òganizasyon san bi likratif yo nan administratè finansman vital nan tout rejyon nan gwo eta nou an." **Direktè Egzekitif NYSCA, Mara Manus, te deklare.** "Objektif estratejik Ane Fiskal 2022 nou an priyoreze ekspansyon elijibilite ak pou ogmante aksè pou ekosistèm atis ak òganizasyon atistik ki konplè epi ki rich anpil

nan New York la. Nenouvèman sibvansyon NYSCA se yon pyès enpòtan nan misyon NYSCA pou devlope ak sipòte evantay divès atis k ap viv rpi k ap kreye nan Eta New York yo."

"Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati a paske yo rekonèt wòl enpòtan zèv atistik jwe nan sante ak vitalite Nouyòkè yo ak nan ekonomi nou an. Envestisman istorik ane fiskal 2022 sa a nan zèv atistik esansyèl pou rekiperasyon sou plizyè ane New York la, lespri kolektif nou, ak renesans ekonomi lokal yo", **Prezidan NYSCA a, Katherine Nicholls, te deklare** "Depi NYSCA te anonse opòtinite yo pou Ane Fiskal 2022 a, yo te deplwaye finansman enpòtan epi yo te òganize anpil reyinyon vityèl sou yon delè akselere pou rive jwenn òganizasyon atistik ak atis eksepsyonèl yo nan Eta New York. Nan non Konsèy la, mwen fyè de devouman yo pou yo rive atenn nouvo aplikan - ki gen ladan nouvo sibvansyon patenarya - ki an retou pral enspire atis yo ak kominote kote y ap kreye."

### **Enfòmasyon sou Konsèy Eta New York pou Zèv Atistik lan**

Konsèy la prezève epi fè avanse sektè atistik ak kiltirèl yo ki fè Eta New York gen yon plas eksepsyonèl pou viv, travay epi vizite a. Konsèy la defann dwa tout Nouyòkè yo pou eksperimente kontribisyon enpòtan anpil nan zèv atistik yo fè nan kominote ou yo, edikasyon, devlopman ekonomik, ak kalite lavi. Atravè aktivite sibvansyon debaz li yo, Konsèy sou zèv Atistik la te bay plis pase 40 milyon dola nan An Fiskal 2021 an. Atravè sibvansyon nan tout eta a ak pwogram renouvèlman sibvansyon an, konsèy la sipòte pèfòmans atistik vizyèl, literè, medya epi li genyen ladan l sipò ki dedye pou edikasyon atistik ak kominote ki defaborize yo.

Konsèy Atistik la fè kilti kreatif New York la pwogrese lè li atire lidè nan domèn nan epi bay opòtinite devlopman òganizasyonèl ak devlopman pwofesyonèl ak resous enfòmasyon. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi li kontinye ak sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta New York lan, konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite [www.arts.ny.gov](http://www.arts.ny.gov), epi swiv paj Facebook, Twitter @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts NYSCA yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)